
# MY VOTE MY VOICE



PRESENTED BY: Monitor the future project


Sade, woman wey dey thick and beautiful, dey stand in front of de group and dey talk gim gim.
WE GO GREE ABI WE NO GO GREE?!
WE NO GO GREE!
Monitor
AH ANODA PERSON DON JOIN, WELCOME!
WE DEY VOTE ABI WE NO DEY VOTE?
WE DEY VOTE!


WHERE YOU GO FIND US FOR ELECTION DAY?
POLLS! POLLS!
POLLS! POLLS!
Monitor


YOU GO EVEN SEE ME THERE BEFORE THAT ELECTION DAY.



WE NEED PEOPLE WEY DEY LIKE YOU FOR 2023.
Ebenezer come dey smile and dey nod him head.
PEOPLE WEY GO IGNORE ALL THOSE CHEAP CHEAP THINGS WEY OUR POLITICIANS LIKE TO DEY SHARE BEFORE ELECTION.
ME WEY NO LIKE FREE THING.


SHEBI WE DON READY FOR 2023?!
READY! READY!
OKAY, EVERYBODY GO WRITE HIM VIN HERE. I WON MAKE SURE SAY ALL OF US GET OUR PVCS.
Sade con comot paper.
Ebenezer come dey look Sade. All of them wey dey that group come dey write their VIN. Ebenzer come dey look about, he no dey comfortable.
THIS PAPER NA FOR WETIN?
Sade finally finally come bring dey paper for am.
NA ROUTINE CHECK HIM BE. SINCE YOU DON GET YOUR PVC.


I DON DO MY PVC O. BUT E NEVER DEY READY
I NO UNDERSTAND.
I DON REGISTER BUT THE THING BE SAY DEY NEVER GIVE ME.
GREAT. MAKE YOU JUST GIVE ME YOUR NAME AND DEY DATE WEY DEY BORN YOU AND I GO CHECK INEC PORTAL.
NOW?
YEP. E DEY EASY.



AH!!
SHEY EVERYTHING DEY OK?
I DON LOSS MY PVC NA IM MAKE.
I THINK SE YOU TALK SAY YOU NEVER COLLECT AM?



Ebenezer dey look her. Them dey look each other for small second.
MAKE I NO LIE, THE LINE FOR PVC DEY TOO LONG FOR ME.
WHERE DEY TOILET DEY HERE? MAKE I COME DE GO HOUSE.
Sade come vex dey look am


Ebenezer dey sit down for im bed carry hand put put for head. Adams, his friend, dey stand over him dey laugh.
YOU DON DEY SCOPE THIS GIRL SINCE AND YOU FINALLY TALK TO AM AND NA SHIT YOU USE FINISH THE TALK?
Ebenezer con hiss.
NA BECAUSE OF PVC O.
WHY YOU SEF NO GET? HOW GRADUATE LIKE YOU NO GO GET PVC? EVEN MY FATHER WEY NO GO SCHOOL GET PVC.
YOU DEY CRASE. MAKE I QUEUE FOR UNDER SUN?
GET OUT, THE QUEUE NO LONG LIKE THAT.
SHA, THEY TELL ME SAY THEM THEY SHARE MOIMOI FOR GARDEN CANTEEN FOOD DRIVE.
THAT PLACE FOR ISOLO?
Adam come dey nod him head.


Ebenezer come comot outside.


Ebenezer dey queue under the sun. The line con dey go slow slow. He come comot go front come see Sade dey share food.


YOU?
HAAA!
SORRY! FOOD DON FINISH.
I DON SEE SAY YOU FIT QUEUE FOR MOIMOI BUT YOU NO GO FIT WAIT 5 MINUTES FOR YOUR PVC.


WHY YOU NO TELL ME SAY NA SHE DEY DO FOOD DRIVE?
WOMAN, YOU NO GET. FOOD, MBANU. PVC, YOU NO EVEN KNOW YOUR STATUS. NO BE SUFFER BE THIS?
Ebenezer come ham the plate but he miss am. It come hit a nylon bread and the bread come fall.
AS YOU NO GO VOTE MAKE GOOD GOVERNMENT ENTER, NA TRENCHES YOU GO REMAIN SO BETTER NO WASTE FOOD.
GO CHOP THAT BREAD BECAUSE YOUR SUFFER HEAD JUST DEY START
Adams con dey point bread.
YOU BETTER GO AND COLLECT YOUR PVC SO YOU CAN VOTE FOR BETTER GOVERNMENT.


HOW I GO DO AM?
Ebenezer come touch the bread and come start dey eat
FIRST YOU GO TO INEC WEBSITE, COME REGISTER FOR THERE, AND THEN YOU GO COME FOLLOW THE INSTRUCTIONS WEY DEY THERE.
MAKE I CHOP FIRST.
NO CHOP AND FORGET YOUR LIFE O. COLLECT YOUR PVC O!

# Conclusion

**This discussion is not just about you, here or now. It's about what the future holds, it's about what we owe generations unborn. It's about getting your PVC today!**

@tfaafrica
@tfaafrica
thefutureafrica.com
Info@thefutureafrica.com
08022226712

